



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Dire: 3 zè

80.- ISTWA RAT KI RASANBLE

Yon gwo makou chat ki te rele Wodila te si tèlman fè
Yon fen ak rat e te si tèlman voye yo lan peyi san
chapo ke ti pati ki te resi chape anba l la, vin
Kraponnen nèt. Yo pa t gen radyès pou met tèt yo
deyò, ki fè, yo vin jwen sèlman le ka (1/4) de
kantite manje yo te konn jwenn nan.

Lan lespri pòv fanmi rat, konpè Wodila pat fouti yon
chat tout bon, se satan li te ye, satan yo te voye pou
regle yo. Yon jou, konpè Wodila twouve l al byen
lwen fè yon jako pye vèt dèyè yon bèl femèl chat. Li
si tèlman kontan afè a ke l pran yon jou repo pou l
okipe menaj la. Mesye dam rat yo pwofite afè sa a
pou yo rasanble, lan kache pou yo pale sou malè yo,
avèk ki jan pou yo sòti anba l.

Rat ki pi ansyen an, ki konn lavi a byen, rete li
ekzaminen. Yon lide pase lan tèt li: li wè kouman
pou yo jwenn bout konpè Wodila. Men sa pou yo fè:
Yo pran yon ti klòch, ke ya mare lan yon ti kòd ke ya
pase lan kou konpè Wodila. Konsa, a chak fwa
misye ap vini, ya tande klòch la e menm si yo t ap bat
bal, ya gen tan gaye anba tè. Tout moun dakò ak
lide gran moun lan: se sa menm pou yo fè.
Kounye a rete pou konnen ki lès moun ki pra l
Kwoke kòd la lan kout chat la. Gen youn ki di konsa:”
M pa sòt, mwen menm, m pa prale”. Gen yon lòt ki
di: “M pa gen ladrès ase pou m ta rive fè travay la”.
Pale, pale, rat yo separe san yo pa janm jwenn ki lès
ladan yo ki pou fè zak la...

MEZANMI, afè pale pou grenmesi a se pa kay rat ak
chat sèlman ou jwenn li non, ou jwenn li kay kretyen
vivan ki gen lespri:

Depi se pou bat bouch,
Paladò anvayi w
Depi se pou met men,
Tout moun wete kò yo.

Raymond A. Moyse: Twa demi-douzèn
istwa Mèt Lafontèn, pp 10-11 (1975)

Premye Pati


A- Konpreyansyon (6 pwen pou chak bon repons)

- 1- Ki rezon ki fè ti rès rat yo te kraponnen?
- 2- Ekplike fraz sa a selon tèks la:
«...Fè yon jako pye vèt dèyè yon bèl femèl chat.»
- 3- Ki sikonstans ki te pèmèt reyinyon rat yo te fèt?
- 4- Gran moun lan: avèk kisa gwoup ki souliye a
fè referans nan tèks la?
- 5- Ki pati nan tèks la ou kapab konsidere tankou
pale pou granmesi ?

B- Dezyèm Pati

Gramè- Vokabilè- Tradiksyon

- 1- « Tout moun wete kò yo, yo ale san fè bri.»
a) Konbyen pwopozisyon ki genyen nan fraz anlè a
b) Bay nati pwopozisyon yo. (10 pwen)
- 2- Ekri 5 ki genyen menm òtograf ni an kreyòl
Ni an fransè. (5 pwen)
- 3- Fè yon fraz ki koresponn ak reprezantasyon
grafik sa a: (10 pwen)



- 4- Ki rim ou jwenn nan tèks anba a:
Si jou a te byen pase
Si pratik yo te peye
Ala yon bèl wòb kaliko
Mwen ta achte fè manman m kado (10 pwen)
- 5- « Komin kwadèboukè pi gwo pase komin
kafou» ki konparezon ou jwenn nan
fraz sa a? (5 pwen)
- 6- Tradui fraz sa yo an fransè: (10 pwen)
a) Li li liv la.
b) Mwen sot suiv yon kou kreyòl.

Pwodiksyon Ekri

Chwazi yon (1) sijè:

- 1- Ou ale mande travay nan Ministè Sante Piblik epi
yo mande pou ou pote kourikouloum vite ou.
Prepare li selon prensip kourikouloum vite.
- 2- Moun ki reflechi anpil sou kominikasyon medyatik
vini ak lide sa a: « Enfòmasyon se pouvwa:»
Ekri yon ti tèks pou ou kòmanse lide sa.